

**FITNESS RULES NOTICE/AVI POU RÈG SOU KALIFIKASYON**

**TANPRI BYEN LI ANVAN OU REMÈT APLIKASYON W LAN**

TLC te fè kèk chanjman Règ nan pwosesis aplikasyon lisans lan. Règ yo gen ladan yon **entèdiksyon** aplikasyon youn (1) ak twa (3) lane an selon istwa TLC ak DMV yo aplikan.

**Tanpri sonje si pèsonèl TLC a pa t kapab ni pa t detèmine si li ta dwe anile yon aplikasyon lè yo soumèt li, epi aksepte aplikasyon an, yo pa p ranbouse frè aplikasyon an.** Yon aplikan **pa ta dwe** soumèt yon aplikasyon si istwa TLC oswa DMV aplikan an koresponn ak deskripsyon ki endike sou Avi pou Règ sou Kalifikasyon an.

**Entèdiksyon Yon (1) Lane - (si se pandan ane anvan an)**

- \* Plis pase twa (3) aksidan sikilasyon nan espas yon sèl ane. Entèdiksyon yon (1) lane a pral konte apati dat dènye aksidan an.
- \* Enfraksyon sikilasyon paske ou t ap kondui yon machin san lisans.
- \* **Yo Refize Aplikasyon Anvan an.** Prezidan an pral refize yon Aplikasyon yo soumèt nan espas yon (1) lane apre yo fin soumèt yon Aplikasyon anvan, si yo te refize Aplikasyon anvan an paske yo te jwenn Aplikan an pa Kalifye pou li Gen yon Lisans. Entèdiksyon yon (1) lane a pral konte apati dat yo te soumèt Aplikasyon anvan an bay Komisyon an.
- \* Itilizasyon Ilegal Dwòg- yon rezilta pozitif pou yon tès dwòg TLC egzije epi kote yo pa t konteste rezilta tès dwòg la oswa yo te konteste rezilta tès la avèk siksè. Entèdiksyon yon (1) lane a pral konte apati dat tès dwòg ki echwe a.

**Entèdiksyon Twa (3) Lane - (si se pandan twa (3) ane anvan yo)**

- \* Nenpòt zak, jan Règ TLC yo entèdi sa, kote ou kondi yon yon machin ki gen lisans TLC pandan w anba enfliyans gwòg (kèlkeswa kantite **alkòl** ki ladan li) oswa dwòg.
- \* Nenpòt zak koripsyon, fwod, move reprezantasyon materyèl, vòl, menas kont yon moun, tizonnay, abi, oswa itilizasyon fòs fizik, jan Règ TLC yo entèdi sa.
- \* Nenpòt zak, jan Règ TLC yo entèdi sa, kote ou gen yon zam nan yon machin TLC bay lisans.
- \* **Anilasyon yon Lisans anvan.** Si pandan frè anilasyon lisans yo te ankou, yon lisans anvan te fini oswa yo te remèt li bay Prezidan an.
- \* **Remèt li pandan frè anilasyon lisans yo te ankou a.** Konsiderasyon espesyal pou Pwogram Chofè Delenkan ak Anilasyon Pwogram Chofè ki Vyole Anpil Règ. Apre minimòm yon (1) lane apati dat yo bay sitasyon pou Chofè Delenkan an oswa Chofè ki Vyole Anpil Règ la, yon Aplikan ka mande Prezidan an yon egzansyon pou entèdiksyon twa (3) lane a. Yo kapab fè demann sa a sèlman si dosye konduit Aplikan an reflekte maksimòm twa (3) pwen pou vyolasyon ki fèt pandan peryòd twa (3) lane ki vini anvan dat demann egzansyon an.
- \* **Lisans lan te fini pandan frè anilasyon lisans yo te ankou.** Si yon lisans anvan te fini pandan frè anilasyon lisans yo te ankou, entèdiksyon twa (3) lane a pral konte apati dat lisans lan te fini an.

**Yo Kapab Anile Yon Aplikasyon Tou pou Rezon Sa Yo:**

- \* Erè oswa Mankman nan aplikasyon an. Si aplikasyon an gen ladan nenpòt erè oswa mankman ki enpòtan, oswa si aplikan an pa enfòmè Prezidan an sou nenpòt chanjman enpòtan ki fèt nan aplikasyon an.
- \* Pwogram pou Chofè Delenkan: Si w te akimile 6 oswa plis pwen nan espas 15 mwa anvan dènye kondanasyon pou pwen DMV w la epi ki gen ladan dènye kondanasyon pou pwen DMV w la, yo pral, si w gen lisans, sispann oswa anile lisans ou an nan kad Pwogram pou Chofè Delenkan an; kidonk, yo pral anile aplikasyon w lan.
- \* Akizasyon Kriminèl ki Ankou. Prezidan an pral retade konsiderasyon pou yon aplikasyon si aplikan an gen akizasyon kriminèl ki ankou. Si yo pa rezoud akizasyon yo nan espas 90 jou apre yo fin soumèt aplikasyon an, yo pral anile aplikasyon an.